

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Dediksyon nan Salè Pwofesyonèl Elèv



Kisa dediksyon nan salè pwofesyonèl elèv ye?

Dispozisyon sa a pèmèt yon moun ki poko gen 22 zan epi ki ale lekòl regilyèman dedwi salè nan [revni](#).

- Nan mwa janvye 2007, kantite lajan yo te ogmante a \$1510 pa mwa jiska yon maksimòm \$6100 pa ane.
- Nan mwa janvye 2008, kantite lajan yo te ogmante a \$1550 pa mwa jiska yon maksimòm \$6240 pa ane.

Chak ane, nou ajiste kantite lajan pa mwa ak limit pa ane a, selon nenpòt ogmantasyon ki genyen nan endis pri konsomasyon.

Nou aplike dediksyon sa a anvan nenpòt lòt dediksyon.

Kisa "ale lekòl regilyèman" vle di?

"Ale lekòl regilyèman" vle di moun nan pran youn oswa plizyè kou etid epi li swiv kou yo:

- nan yon kolèj oswa nan yon inivèsite, pandan omwen 8 èdtan pa semèn; oswa
- nan klas 7-12, pandan omwen 12 èdtan pa semèn; oswa
- nan yon kou fòmasyon pou li prepare pou jwenn djòb, pandan omwen 12 èdtan pa semèn (15 èdtan pa semèn si kou a gen pou wè ak pratik pwofesyonèl); oswa
- pandan mwens tan pase sa ki endike anwo a pou rezon ki depase kontwòl elèv la, tankou maladi.

Yon moun ki rete nan kay sèlman akòz yon enfimite ka yon elèv si li:

- ap swiv yon kou oswa plizyè kou yo bay nan yon lekòl (klas 7-12), kolèj, inivèsite, oswa biwo gouvènman; epi
- gen yon vizitè nan kay oswa yon pwofesè patikilye nan lekòl ki ofri etid la oswa fòmasyon an.

Egzanz:

Jim se yon elèv ki touche \$1600 pa mwa an jwen, jiyè ak out 2008. Nan mwa septanm, li tounen lekòl epi li kontinye travay atan-pasyèl Li touche \$800 pa mwa an septanm jiska desanm 2008.

Avèk dediksyon nan revni pwofesyonèl elèv, Jim ka dedwi \$1550 nan salè li nan mwa jwen, jiyè, ak out, epi li ka eskli tout \$800 nan mwa septanm li. Nan mwa septanm, Jim ap itilize jiska yon limit \$5450 nan \$5240 pa ane li a. Dediksyon \$790 nan salè oktòb li ap itilize jiska limit ane a. Salè ki rete pou li, apre dediksyon limit pa mwa ak limit pa ane a, ap toujou ka anba dediksyon nan revni pwofesyonèl \$65 pa mwa ak mwatye revni pwofesyonèl ki rete a.

Èske gen nenpòt lòt règ ki ka ede?

Lòt prim travay SSI tankou [Plan pou Vin Endependan \(PASS\)](#), [dediksyon depans pou travay](#), ak [pwoteksyon Medicaid pwolonje](#) ka ede yon benefisyè SSI pandan l ap travay.